



Sove Lekol Leta Nou (Save Our Public Schools) se yon ekip de moun ki baze sou edikasyon, paran, elèv ak gwoup kominote ki sipote bon jan kalite lekol leta pou tout moun, Sove Lekol Leta Nou yo. Opoze ak yon kesyon bilten vot nan 8 Novanm ki ta leve bouchon sou lekol piblik, ki tankou lekol prive (endepandan) nan Commonwealth.

Kesyon bilten vot la ta pèmèt leta apwouve 12 nouveau lekol endepandan chak ane pou tout tan. Evantyèlman aksyon sa tap seche dè milya de dola ki ta prale nan lekol piblik nou yo e sa tap deranje sistèm edikasyon piblik la. Li tap ankouraje lekol endepandan yo elajji nan zon kote yo pa egziste kounya ya pran resous kritik nan men lekol piblik ki genyen siksè.

PEDI ÈD (FINANSMAN)

Ane sa pou kont li, lekol endepandan pral devye plis ke \$400 milyon dola nan lekol piblik yo. Sa se lajan chak zon yo bezwen pou yo ka ofri plis klas syans, teknoloji, atizana ak klas mizik, osi byen sèvis lekol matènèl ak pi piti kantite moun nan klas. Lajan ta dwe rete nan lekol leta oubyen piblik pou tout elev ka benefisyé.

PA GEN RESPONSABILITE LOKAL

Lekol endepandan yo pa responsab nan kominote lokal yo. Leta apwouve lekol endepandan yo mensi moun nan kominote yo pa dakò. Sa pa bon menm. Kominote lokal ta dwe gen dènye mo sou ki kalite lekol yo vle.

EDIKASYON 'SEPARÉ AK INEGAL'

Lekol endepandan yo divize, yo kreye yon sistèm de wout ki dekri nan NAACP kòm "yon sistem ki separé epi inegal". Yo tipikman pa sevi elèv kap apran angle ak elèv ki bezwen ekikasyon espesyal, epi yo kite lekol piblik ki geyen mwens resous pou edike yon popilasyon ki genyen anpil bezwen.

KI JAN'W KA EDE: Gwoup ki kanpe ak lekol endepandan yo gen dè milyon de dola nan fon yo ak antrepriz. Nou konte sou pep la ak pouvwa moun pou leve kanpe pou elèv yo nan lekol piblik nou yo. Si kèk nan lekol piblik nou yo gen difikilte nou ta dwe ranje yo- Pa kontinye pran lajan sou lekok piblik yo pou'w bay lekol endepandan yo'l ki inèksplikab.



SaveOurPublicSchoolsMA.com



@SOPublicSchools #KeepTheCap



FB.com/SaveOurPublicSchools

Printed in house